

## **Kisa sa vle di pou enkli elèv ki gen andikap yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an (Least Restrictive Environment, LRE)?**

### **Kisa lalwa nan Florida di?**

Nan lane 2013, Lejislati Florida a te defini enklizyon nan seksyon 1003.57, Lwa Florida yo, konsa:

"...yon elèv ki gen yon andikap k ap resevwa edikasyon nan yon anviwònman klas regilye, ki montre pwopòsyon natirèl epi diferan gwoup ki apwopriye pou laj yo nan domèn akademik debaz yo ak sa ki opsyonèl oswa espesyal yo nan kominote lekòl la; yon elèv ki gen yon andikap se yon manm yo valorize nan sal klas la ak kominote lekòl la; pwofesè yo ak administratè yo soutni edikasyon inivèsèl la epi yo gen konesans ak soutyen ki disponib pou pèmèt yo anseye tout timoun yo yon fason ki efikas; epi yo bay aksè ak asistans teknik nan zafè pi bon pratik yo, metòd ansèyman yo, epi soutyen ki adapte ak bezwen elèv la selon rechèch aktyèl yo."

### **Kisa rechèch yo di?**

40 lane rechèch montre elèv ki gen tout tip andikap ki resevwa sèvis ak soutyen nan anviwònman ansèyman jeneral:

- vin gen konpetans sosyal ak nan kominikasyon
- devlope bon relasyon zanmitay ak yon santiman apatnans
- gen ogmantasyon nan patisipasyon ak endepandans yo
- genyen plis objektif akademik nan Plan Edikasyon Endividyèl (Individual Education Plan, IEP) yo a
- gen ogmantasyon nan akonplisman akademik yo
- devlope konpòtman ki pozitif
- patisipe nan plis aktivite eskolè
- genyen mwens absans
- pi byen prepare pou inivèsite, karyè epi lavi chak jou nan kominote a

### **Kisa lwa federal la di?**

Seksyon 300.320 nan Tit 34, Kòd pou Règlemantasyon Federal la, oswa Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) endike klèman "edikasyon timoun ki gen andikap yo ka vin pi efikas lè nou gen gwo atant pou timoun sa yo epi garanti yo gen aksè ak pwogram edikasyon jeneral nan sal klas regilye a, nan mezi sa posib la."

Lwa Piblik 114-95 la, yo souvan rele Lwa sou Revisit Chak Elèv la (Every Student Succeeds Act, ESSA), te pase nan lane 2015, li te gen ladann yon langaj ki soutni avèk fòs edikasyon TOUT timoun yo, epi li te mete aksan sou anpil konsèp enpòtan yo jwenn nan IDEA a. Yon gwo lide se elèv ki gen andikap yo se dabò elèv edikasyon jeneral, ki soutni konsèp anviwònman ki gen mwens restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE) IDEA a. Kidonk, gen atant pou TOUT elèv yo atenn nivo ekselans ki wo epi gen atant pou yo atenn estanda akademik yo nan nivo eta a nan limit kapasite yo.

Yo t a dwe toujou enkli paran yo nan ekip IEP yo kote yo pran desizyon konsènan sèvis edikatif ak plasman timoun yo an. Anplis pou detèmine anplasman sèvis yo epi kantite tan chak elèv ap pase nan anviwònman edikasyon jeneral la, ekip IEP yo t a dwe etabli soutyen ak sèvis elèv la gen pou li bezwen pou fè pwogrè pandan avèk anpil atansyon y ap pran an kont nivo pwogresyon ki nesesè pou pèmèt yon Edikasyon Piblik ki Gratis ak Apwopriye (34 C.F.R. § 300.301).

## Avèk kisa LRE sanble?

Tyrone se yon elèv katriyèm (4yèm) ane ki gen nèf (9) lane, ki gen anpil enèji. Li renmen espò epi li sòti dirèkteman nan lekòl la pou ale nan antrènman foutbòl chak jou avèk yon gwoup kanmarad klas li. Tyrone gen twoub aprantisaj, epi konpreyansyon li gen nan lekòl, se konpreyansyon yon timoun ki apèn rantrè nan klas dezyèm (2yèm) ane genyen. Li bezwen sèvis edikasyon espesyal yo, men tankou pifò timoun, dènye bagay li vle se pou li diferan. Erezman, direktè nan lekòl Tyrone nan konprann avantaj ki genyen nan founi soutyen pou elèv ki gen andikap yo nan anviwònman edikasyon jeneral yo, kote edikatè elèv jeneral ak eksepsyonèl yo ap travay ansanm. Nan klas katriyèm (4yèm) ane Tyrone nan, pwofesè edikasyon jeneral la sèvi ak gwoupman elèv ki fleksib pou diferan aktivite yo. Li planifye leson yo lè l sèvi avèk prensip Konsepsyon Inivèsèl pou Aprantisaj yo, pou tout moun kapab aprann. Pou lekòl, Tyrone resevwa soutyen siplemantè nan yon ti gwoup, men li pa oblije kite sal klas la. Pwofesè edikasyon pou elèv eksepsyonèl (Exceptional Student Education, ESE) li a founi enstriksyon ki konsewa espesifikman nan sal klas edikasyon jeneral la, pou li avèk kèk lòt elèv yo. Chak semèn pwofesè Tyrone yo planifye fason pou adapte enstriksyon oswa materyèl yo nan lide pou ede Tyrone ak lòt yo aprann. Paran Tyrone yo rankontre souvan avèk pwofesè yo pou yo pataje lide konsènan sa ki fonksyone pou li. Tyrone jwenn soutyen atravè kolaborasyon pwofesè li yo ak fanmi li.



### Avèk kisa LRE sanble?

Pou Tyrone, li sanble ak pwogrese nan kad estanda yo, ansanm ak pwogrè nan IEP li a. Li sanble gen pou l nan klas 5yèm ane avèk zanmi li yo ane pwochè!

Yon lane anvan sa, Kayla ki te gen katòz lane te nan yon sal klas ki separe oswa endepandan avèk lòt elèv ki gen twoub koyitif ki pi konsiderab yo. Kayla se yon fifi ki toujou gen kè kontan ki soufri sendwòm Down. Li te nan yon sal klas endepandan depi klas matènèl. Pa t gen okenn opòtinite pou Kayla te nan antouraj kamarad li ki pa gen andikap yo, swa nan sal klas la oswa nan aktivite eskolè yo.

Paran Kayla yo te gen krent pou li pa t rive atenn potansyèl li akademikman oswa sosyalman. Lè yo wè li tankou yon adolesan, yo reyalize Kayla te bezwen pou yo prepare li pou lavni li. Yo te pale avèk pwofesè edikasyon eksepsyonèl Kayla a konsènan enkyetid yo te genyen yo. Yon reyinyon ekip IEP a te pwograme avèk yon reprezantan ki sòti nan biwo ESE distri a, paran Kayla yo, pwofesè ESE a, yon pwofesè edikasyon jeneral, terapis lapawòl la, epi yon parapwofesyonèl. Kayla te patisipe nan reyinyon an tou. Nan reyinyon an, yo te revize objektif IEP Kayla yo, epi yo te devlope yon plan pou founi materyèl espesyal avèk metòd ansèyman pou Kayla patisipe nan plizyè klas edikasyon jeneral. Administrasyon lekòl la te òganize yon fòmasyon pwofesyonèl pou pwofesè edikasyon jeneral ak pwofesè kou ki opsyonèl yo sou fason pou anseye elèv ki gen diferan kapasite aprantisaj. Pwofesè yo te twouve sa yo aprann yo te itil yo pou anseye anpil elèv, pa sèlman elèv ki gen andikap yo.

Lekòl Kayla a te mete an plas kou "Kanmarad antanke Patnè nan Aprantisaj" la pou kòmanse yon pwogram kote elèv edikasyon jeneral yo ap soutni elèv ki gen andikap yo. Yo te konfyè Kayla bay yon elèv kanmarad pou soutyen ki te ede li avèk devwa li yo epi tranzisyon kou yo. Elèv kanmarad li ki te soutni li a te tou tounen lyen li pou li kapab fè zanmi. Kayla ap byen degaje li nan lekòl la, li jwenn A avèk B lè l itilize Estanda Reyisit akademik Altènatif Florida yo - Pwen Aksè - pou li aprann estanda kou yo. Pwogrè sosyal li yo siyifikatif tou.



### Avèk kisa LRE sanble?

Pou Kayla, li sanble tankou yon aksè ak estanda yo ansanm ak pwogrè nan IEP li a. Li sanble avèk ale jwenn zanmi li yo nan lekòl dans lan, pis patinaj la, sant komèsyal la, epi nan premye sware pijama li an!

# Planifikasyon pou LRE a pou timoun ou an

## 8 etap enplikasyon

Etap 1: Kreye yon lis bagay ki dekri pitit ou a. Enkli fòs, defi, sa k entèrese l, bezwen aprantisaj, enfòmasyon medikal / sou sante, epi fiti rèv pitit ou a.

Etap 2: Fè devwa w konsènan LRE a. Konsilte sit entènèt nou an ak lejislasyon nan nivo federal ak nan nivo eta a ki lye ak IEP pitit ou a.

Etap 3: Mande yon reyinyon avèk pwofesè pitit ou a pou revize enfòmasyon sou pitit ou a epi diskite sou kesyon 1 jiska 10 ki pi ba yo.

Etap 4: Prepare w pou w pataje vizyon w sou avni edikatif pitit ou a ak sa w te aprann sou LRE a.

Etap 5: Eksprime volonte w pou w vin yon patnè nan ekip pitit ou a pandan tout ane a, epi pa sèlman nan reyinyon IEP a. Paske lè n ap byen gade, ou se yon ekspè nan tout sa ki konsène pitit ou a.

Etap 6: Mande yon reyinyon ekip IEP pou diskite sou opòtinite pou pitit ou a pase tan nan LRE a nan lekòl li a.

Etap 7: Mande ekip pitit ou a pou li kontakte Rezo Enklizyon Florida a (Florida Inclusion Network, FIN) pou ed nan planifikasyon pou soutyen elèv la.

Etap 8: Gen yon lespri ki ouvèl! Soutyen ki efikas pran tan, efò, resous, kreyativite, ak kolaborasyon. Ou mèt kwè ekip pitit ou a vle sa ki pi bon pou pitit ou a.

## Kisa ki fè LRE a fonksyone?

- Soutyen nan men direktè lekòl la ak lòt administratè yo
- Yon vizyon, atitud, ak kwayans eskolè ki valorize tout elèv yo
- Yon plan ki pèmèt yon amelyorasyon kontinyèl pi bon pratik yo
- Ekip edikatif k ap kolabore ki gen ladann paran yo antanke patnè
- Apwòch ki fleksib pou ansèyman, aprantisaj, epi evalyasyon
- Yon latriye metòd ansèyman pou diferan tip elèv
- Pwogram etid avèk evalyasyon ki adapte ak bezwen endividyèl elèv la
- Opòtinite aprantisaj kontinyèl pou fanmi yo ak manm pèsònèl yo.

## 10 kesyon pou oryante refleksyon ou

Lè w ap planifye opòtinite edikatif pou pitit ou a, ou menm avèk ekip edikasyon pitit ou a t a dwe konsidere kesyon sa yo ansanm:

1. Èske li enpòtan pou pitit ou a aprann, jwe, epi travay kòtakòt avèk elèv ki pa gen andikap yo?
2. Èske pitit ou kapab jwenn avantaj nan men pwofesè ki gen gwo atant pou TOUT timoun yo?
3. Èske pitit ou a aprann pi byen lè yo founi yon latriye metòd ansèyman?
4. Èske li enpòtan pou pitit ou a konsantre li sou objektif ki konekte avèk sa k entèrese l, estil aprantisaj li yo, fiti rèv li yo, epi bezwen inik li yo?
5. Èske ou vle pou pitit ou a aprann bagay ki gen rapò avèk sa kamarad li ki nan lekòl la ap aprann yo?
6. Èske ou vle pou pitit ou a santi li byen avèk sa li akonpli nan lekòl la?
7. Èske ou kwè gen kamarad klas nan lekòl pitit ou a ki kapab sèvi tankou bon modèl nan sa ki gen pou wè ak aprantisaj, kominikasyon, epi sosyalizasyon?
8. Èske li enpòtan pou pitit ou a pataje travay, rezolisyon pwoblèm, epi devlope zanmitay avèk kamarad li yo?
9. Èske ou vle pou pitit ou a aprann estrateji ki gen pou ede li kontinye aprann apre l fin gradye?
10. Èske li enpòtan pou prepare pitit ou a pou yon lavi adilt ki gen siksè ak kè kontan, ki enkli lavi chak jou, travay, lwazi, epi sosyalizasyon avèk lòt adilt nan kominote a?

**Èske w te konnen yo ka akonpli TOUT sa yo nan LRE a?**

## **Kisa rezo enklizyon Florida (Florida Inclusion Network, FIN) a ye?**

Rezo Enklizyon Florida a kolabore avèk tout distri, lekòl epi pwojè ki opsyonèl yo pou founi sèvis ak soutyen ki pèsonalize pou garanti tout elèv ki gen andikap yo gen menm opòtinite ak kanmarad klas yo sou plan edikatif, sosyal epi pou lavni.

## **Ki sèvis FIN bay?**

Itilize yon “apwòch pou rezoud pwoblèm ki baze sou done” avèk distri yo epi lekòl yo pou konsantre sou pi bon pratik pou yon edikasyon ki enklizif; founi fòmasyon pwofesyonèl, asistans teknik, ankadremman epi resous pou ogmante epi mentni konesans avèk konpetans yo; epi pataje enfòmasyon yo pou ede etabli relasyon kolaborasyon ant fanmi, lekòl ak distri yo.

## **Pou ki moun sèvis FIN yo ye?**

Sèvis FIN yo disponib pou fanmi, edikatè, administratè, avèk manm kominote yo.

## **Kijan FIN kapab ede w?**

Fasilitatè FIN ou an kapab ba w enfòmasyon avèk resous ki kapab ede w lè ou kòmanse planifye nan tèt kole ak lekòl la sou edikasyon pitit ou a nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an.

Metè sou sa, pwofesè pitit ou a oswa administratè lekòl la kapab mande sèvis FIN yo (pa egzanp konsiltasyon nan lekòl la, fòmasyon pwofesyonèl, ak asistans teknik) pou ekip eskolè yo ak manm pèsònèl yo. Objektif Rezo Enklizyon Florida a se bay asistans ki gen pou soutni rezilta pozitif pou elèv ki gen andikap yo nan lekòl pitit ou a. Sèvis nou yo gratis nan tout lekòl nan Florida!



**Eskane kòd QR la pou w li lòt Dokiman Fanmi Ak Kominote Ansanm (Families And Communities Together, F.A.C.T) yo!**



**Jwenn fasilitatè FIN ou an sou sit entènèt nou an:**

[www.FloridaInclusionNetwork.com](http://www.FloridaInclusionNetwork.com)

**oswa rele 1-888-232-0421 san peye okenn frè**